

# KONEKSYON


Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

AVRIL 2018

VOLIM 10, NIMEWO 42  
ANNDAN NIMEWO SA A:

- Meyè Direktè pou Ane a
- Tounwa 'CHESS' Title I
- Pas PAMM pou Elèv

## ELÈV MIAMI-DADE KONTINYE AP BRIYE NAN EVALYASYON NASYONAL YO



Pou plis enfòmasyon sou rezulta yo fèk distribye sou "National Assessment of Educational Progress (NAEP)" (Evalyasyon Nasional sou Pwogrè Edikasyonèl), yo konsidere kòm meye estanda pou evalyasyon yo, silvouplè vizite <http://news.dadeschools.net/cmnc/new/27532>.

## BOUTIK 'PROM' OFRI ABIMAN 'PROM' GRATIS POU ELÈV

Boutik Prom nan asiste elèv ki nan pozisyon ekonomik frajil ak sa yo ki fè pati Pwojè 'UP-START', Pwogram Asistans pou Sanzabri distri a.

Elèv fi ak gason nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ki merite sa te gen opòtinite pou vizite Boutik Prom nan, pou chwazi wòb, kostim, ak soulye, ansanm ak akseswa pou evènman prom yo nan mwa me. Manm ak òganizasyon kominotè yo



fè donasyon atik gratis sa yo yon fason pou ede elèv ki pa gen mwayen pou achte abiman pou prom yo. Pou

plis enfòmasyon, kontakte Biwo Angajman Kominotè nan 305-995-1367.

DAT AK  
ENFÒMASYON  
ENPÒTAN

20 avril - Jounen lekòl regilye (te jounen pou planifikasyon pwofesè)  
17 me - Jounen lekòl regilye (te jou pou lage lekòl segondè bonè)  
28 me - Jounen pou Sonje Ewo Lagè yo  
7 jen - Dènye Jou Lekòl

REYINYON KOMISYON  
KONSEY LEKÒL

25 AVRIL

10è dimaten  
Sesyon Konferans:  
Zòn Limit Prezans pou  
2018-2019

11è dimaten  
Reyinyon Regilye;  
Premye Lekti – Zòn  
Limit Prezans pou  
2018-2019

16 ME

10è dimaten  
Odyans Piblik pou  
Materyèl Enstriksyonèl

11è dimaten  
Reyinyon Regilye;  
Dènye Lekti - Zòn Limit  
Prezans pou  
2018-2019

## CHANPYONA 'CHESS' 'TITLE I' DISTRI A



Ane sa a, 415 elèv ki reprezante 55 lekòl te elijib pou patisipe nan Chanpyona 2017- 2018 CHESS Title I Distri a ki te fèt pi bonè nan mwa sa a. Pwogram "Challenging Higher Education for Students in our Schools (CHESS)" (Defi pou Elèv Atenn Nivo Edikasyon ki Pi Wo nan Lekòl nou yo) Title I M-DCPS la fèt pou fòme elèv ki byen ekilibre, ki ap aprann pandan tout vi yo.

Etid montre jwe "chess" (echèk) devlope panse kritik, lojik ak rezònman, rezolisyón pwoblèm, konesans debaz sou òdinatè, rekonesans modèl ak rezulta, relasyon entèpèsònèl, ladrès komunikasyon ak entèpèsònèl. Anplis, CHESS amelyore tou rapò ant pwofesè ak elèv e li ogmante patisipasyon paran.

Felisitasyon pou tout elèv ki te patisipe nan pwogram inovatif sa a.

## M-DCPS ONORE DIREKTÈ, ASISTAN DIREKTÈ EKSELAN POU ANE A



Humberto Miret, ki ap sèvi kòm direktè nan Miami Southridge Senior High School, ranpòte premye onè kòm Meyè Direktè Distri pou Ane a. M-DCPS te onore meyè direktè ak asistan direktè nan yon seremoni prim "Dade Association of School Administrators (DASA)" (Asosyasyon Administratè Lekòl nan Dade) te patwone.

Miret ap sèvi kòm direktè Southridge Senior High depi 2015. Anvan sa, li te direktè nan Shenandoah Middle School. Li kòmanse karyè edikasyon 23 ane li a nan anseye sante pou elèv 10èm ane eskolè nan South Miami

**Opòtinité pou prezide  
nan gradyasyon kòm  
direktè Miami Southridge  
Senior se moman ki pi  
memorab nan karyè  
Msye. Miret.**

pou Ane a Evonne Alvarez nan New World School of the Arts ak Dezyèm Meyè Asistan Direktè pou Ane a Jeffrey Gonzalez of Homestead Senior High School.

Nan Foto anwo a: soti goch a dwat se Manm Komisyón Konsèy Lekòl Dtè. Lawrence Feldman, Chèmann Komisyón Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman, Sipètentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho, Meyè Direktè pou Ane a Humberto Miret, Manm Komisyón Konsèy Lekòl Lubby Navarro, Mari Tere Rojas ak Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall.

Senior High School. Yo rekonèt Derek Negron nan Carol City Middle School kòm Asistan Direktè pou Ane a. Negron te kòmanse karyè li avèk M-DCPS kòm yon pwofesè salklas nan Barbara Hawkins Elementary an 2005. Li ap sèvi kòm Asistan Direktè nan Carol City Middle School depi 2016.

Yo te rekonèt nan seremoni an tou Dezyèm Meyè Direktè

## OTOMATIZASYON BILDING GWO TEKNOLOJI NAN MLEC



M-DCPS ak Siemens te mete yo ansanm pou lanse yon nouvo, premye nan kalite li, Pwogram Teknoloji Sistèm Otomatizasyon Bilding gwo teknoloji nan Miami Lakes Educational Center & Technical College. Otomatizasyon bilding se sistèm kontwòl santralize, baze sou òdinatè ki suiv e kontwole ekipman mekanik ak elektrik tankou chofaj, vantilasyon ak klimatizatè, ekleraj ak lòt sistèm atravè yon sistèm jesyon bilding oubyen sistèm otomatizasyon bilding. Otomatizasyon ap transfòme fason etablisman yo jere konsomasyon enèji nan tan reyèl.

Teknisyen pou nouvo domèn enteresan sa a trè demande avèk anviwon 49,000 pozisyon ki ouvri e ki disponib Ozetazini e plis pase 600 anplwa nan Miami-Dade. Pou plis enfòmasyon, rele 305-558- 8000 oubyen vizite [CareerInAYear.com](http://CareerInAYear.com).

## M-DCPS LANSE NOUVO PAS PAMM POU ELÈV POU VIZIT GRATIS NAN MIZE

Sipèntandan Carvalho ak Direktè Perez Art Museum Miami Franklin Sirmans anonse yon devlopman istorik e enpòtan nan patenarya ant de (2) antite yo - admision gratis pandan tout ane a nan mize pou tout elèv M-DCPS yo!

Pas PAMM pou Elèv la bay antre san limit, gratis nan mize a pou tout elèv klas jadendanfan – 12èm ane eskolè M-DCPS yo. Pas la bay tou admision gratis pou yon envite adilt. Pou enskri nan pwogram nan, elèv ka ranpli e enprime sou Entènèt fòm yo jwenn nan [www.pamm.org/studentpass](http://www.pamm.org/studentpass) epi pote li nan mize a. Aplikasyon pou Pas PAMM pou Elèv disponib tou nan biwo antre mize a pandan



lè regilye mize a. Yo ap bay elèv la yon kat pas nan premye vizit li. Pas PAMM pou Elèv yo ekspire 31 out chak ane. Kòmanse 1e septanm, elèv ka re-enskri depi yo toujou prale nan M-DCPS.

Sipèntandan Carvalho rele patenarya a youn nan etap ki pi enpòtan nan aksè ar

pou elèv nan lekòl leta, e li ankourage tout lòt enstitisyon ki jwenn finansman leta pou yo ofri menm kalite pwogram yo.

Nou swete pwogram sa a pral ede elèv nour oubyen dekouvi amou ak apresyasyon yo genyen pou ar yo.

## REYINYON KOMINOTÈ SOU TWITTER



Sipèntandan Carvalho ap fè yon seri reyinyon kominotè pou diskite sou akonplisman elèv, pwoteksyon ak sekirite lekòl, Pwogram Bon Obligasyon/ Konstriksyon Lekòl 21èm Syèk yo ak finansman pou edikasyon ak plis toujou. Ou ka patisipe nan konvèsayon Reyinyon Kominotè a sou Twitter madi 8 me kòmanse 5:30 nan aprèmidi pou 6:30 diswa. Tweet kesyon ou yo nan @MiamiSup nan sèvi ak hashtag #AskMiamiSup.

## PLIZYÈ MILYE VINI POU SIPÒTE EDIKASYON




Plizyè milye pwofesè, elèv, paran ak sipòte nan kominote a te met ansanm ak Sipèntandan Carvalho pou kouri e mache pou sipòte edikasyon nan Defi Anyèl 5K Sipèntandan an. Gason ki te kouri pi vit la se Alvaro Vasquez ki gen 33 ane e ki genyen nan yon tan 17:14. Fi ki te genyen an se Lina Adjouadi ki, a trèzan sèlman, fè kous la nan 21:02.

**KONSEY POU PARAN:**  
Lekòl Elementè: Pa Toujou Reponn Keson Ptit ou a <https://bit.ly/2EV33lz>

Lekòl Segondè: Fè "Smart Phone" Ti Jèn ou an Tounen yon Èd pou <https://bit.ly/2EWnvCq>

## MEDYA SOSYAL



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)



@MDCPS  
@MiamiSup



MiamiSchools  
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



MiamiSchools

**Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann Dtè. Martin Karp, Vis-Chèmann Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo Dtè. Lawrence S. Feldman Dtè. Steve Gallon III Lubby Navarro

Dtè. Marta Pérez Mari Tere Rojas Alberto M. Carvalho Sipèntandan Lekòl yo Bryce Febres Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

**Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a**

Daisy Gonzalez-Diego Ofisiye Anchèf Kominikasyon